

PWOTEJE TÈT OU KONT GRIP ZWAZO H5N1

Sa pou fè si w santi ou malad

Obsève sante w chak jou, menm si w te swiv tout direktiv pou ekipman pwoteksyon pèsonèl yo. Siveye sentòm maladi a:

- Zye wouj (konjonktivit)
- Sentòm respiratwa siperyè lejè ki tankou grip lejè
- Nemoni ki mande pou entène lopital
- Lafyèv (tanperati 100°F [37.8°C] oswa pi wo oswa santi w gen lafyèv
- Tous
- Malgòj
- Nen k ap koule oswa nen bouche
- Doulè nan misk oswa doulè nan kò
- Maltèt
- Fatig
- Souf kout oswa difikilte pou respire

Siy ak sentòm ki mwens kouran yo gen ladan dyare, kèplen, vomisman, oswa kriz.

Si w gen nenpòt nouvo sentòm maladi pandan w ap travay avèk bét ki konfime oswa ki pwobableman enfekte oswa sou pwodui oswa sifas ki konfime oswa ki pwobableman kontamine epi pandan 10 jou apre dènye ekspozisyon ou:



- Rete lakay ou epi rete lwen lòt moun otank posib jiskaske w konnen si w gen grip zwazo H5N1 an. Si w gen grip zwazo H5N1, rete lakay ou epi rete lwen lòt moun jiskaske w santi w pi byen.



- Enfòme sipèvizè w ak founisè swen medikal ou, epi y ap ede w kontakte depatman sante w nan nivo Eta/lokal.



- Depatman sante w la ap ede w detèmine kisa pou w fè annapre epi yo ka teste w pou grip zwazo H5N1 an.



- Yon founisè swen medikal ka preskri medikaman ki itilize pou tretman grip (medikaman antiviral). Li enpòtan pou respekte machaswiv pou pran medikaman an.



U.S. CENTERS FOR DISEASE
CONTROL AND PREVENTION

CS351866-L

ESKANE POU
APRANN
PLIS →

